# Prezident qararı menen NMPI janında matematikaǵa qánigelestirilgen mektep shólkemlestirildi

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararına muwapıq, Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı janında matematika pánine qánigelestirilgen mektep shólkemlestirildi.
Qábiletli jaslardı saylap alıw sistemasın rawajlandırıw, olardı qollap-quwatlaw ushın zárúr sharayatlar jaratıw, ósip kiyatırǵan jas áwladtıń ilimge bolǵan umtılısların xoshametlew, intellektual hám dóretiwshilik potencialın arttırıw baǵdarındaǵı reformalardı sistemalı túrde ámelge asırıw maqsetinde 2020-jıldıń 3-dekabr kúni Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Qábiletli jaslardı saylap alıw sisteması hám akademiyalıq liceylerdiń jumısların jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararı qabıl etilgen edi.
Image not found or type unknown

Qararǵa muwapıq, 2020-2021-oqıw jılınan baslap Ámiwdárya akademiyalıq liceyi negizinde Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı janındaǵı matematika pánine qánigelestirilgen mektep shólkemlestirildi.

Matematika pánine qánigelestirilgen mektepke bıyılǵı oqıw jılında matematika, fizika hám inglis tili pánleri boyınsha ulıwma bilim beriw mekteplериniń 7-, 8- hám 9-klass oqıwshıları qabıllanadı. Oqıwshılar jataqxana hám túslik awqat penen támiyinlenedi.

Házirgi waqıtta qánigelestirilgen mektepke oqıwshılardı qabıllaw dawam etip atırǵan bolıp, qosımsha maǵlıwmatlardı tomendegi kórsetilgen telefon nomerlerinen alsańız boladı.

Telefonlar: +99861 515-40-82, +99861 515-40-19.

NMPI baspasóz xızmeti.